दिन–मंगलवार दिनांक–1.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वक्फ संशोधन विधेयक काल्हि लोकसभा मे पेश कयल जायत। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू आइ संसद भवन मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे विधेयक पर चर्चा लेल आठ घंटाक समय निर्धारित कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे कार्य मंत्रणा समितिक बैसार मे ई गप पर सहमति बनल अछि जे सदनक राय जनलाक बाद चर्चाक समय बढ़ाओल जा सकैत अछि। ओ जनौलनि जे सरकार विधेयक पर सभ प्रश्नक जबाव देबाक लेल तैयार अछि।

---

नव वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीस आइ सँ शुरू भेलाक संगहि कतेको नव पैघ बदलि प्रभावी भऽ गेल अछि। बजटक घोषणा जेहेन आइ सँ नव इनकम टैक्स स्लैब लागू भऽ गेल अछि। एहि मे बारह लाख टाका धरिक सालाना आमदनीबला लोकसभ के कोनो प्रकारक आयकर नहि देबय पड़त। केन्द्र सरकारक एकीकृत पेंशन योजना–यूपीएस आइ सँ लागू भऽ गेल। यूपीएस के राष्ट्रीय पेंशन प्रणालीक विकल्पक रूप मे राखल गेल अछि। एहि सँ केन्द्र सरकारक तेईस लाख कर्मचारी सभ लाभांवित होयताह। संगहि, भारतीय स्टेट बैंक, पंजाब नेशनल बैंक आओर केनरा बैंक सहित कतेको बैंक सभ बचत खाता मे न्यूनतम राशि राखय सँ जुडल नियम मे बदलि कयलक अछि। जौं ग्राहकक खाता मे तय न्यूनतम राशि नहि रहत तऽ हुनका पर जुर्माना लगाओल जायत।

---

भारतीय राष्ट्रीय भोगतान निगम एन.पी.सी.आईक एक निर्णयक अनुसार आइ सँ ओ लोक सभक यूपीआई काज नहि करत जिनक मोबाईल नंबर बेसी काल सँ निष्क्रिय छनि या काज मे नहि अछि। आइ सँ जीएसटी सँ जुड़ल किछु नव नियम

सेहो लागू भँ गेल अछि। आब कर दाता सभक सुरक्षा लेल जीएसटी पोर्टल पर मल्टी फैक्टर औथेंटिकेशन रहत।

——————————————————————

प्रदेश मे आइ सँ बिजलीक नव दर लागू भऽ गेल अछि। ग्रामीण क्षेत्र मे घरेलू आओर कुटीर ज्योतिक, बीपीएल कनेक्शनबला उपभोक्ता सभ के आइ सँ चौबन पाई प्रति यूनिट सस्ता बिजली भेटत। हरेक मास पचास यूनिट सँ बेसी खर्चा करयबला उपभोक्ता सभ के ई लाभ भेटतनि। ओतहि, स्मार्ट प्रीपेड मीटर उपभोक्ता सभ के आइ सँ पच्चीस पाई प्रति यूनिट सस्ता बिजली भेटय लागल अछि। ग्रामीण क्षेत्र मे जे घरेलू उपभोक्ता सभ स्मार्ट प्रीपेड मिटर लगौने छथि, हुनका सभ के उनासी पाई प्रति यूनिट सस्ता बिजली भेटत। नव नियमक अनुसार स्मार्ट प्रीपेड मीटर लगेबाक छओ मास बाद धरि लोड सँ बेसी खर्चा करय पर जुर्माना नहि देबय पड़त। हालांकि, जे उपभोक्ता सभ छओ मास पहिने स्मार्ट प्रीपेड मीटर लगौने छथि आओर ओ सभ बेसी खर्चा कऽ रहल छथि तऽ हुनका सभ के जुर्माना देबय पड़त। नव दर एकतीस मार्च दू हजार छब्बीस धरि लागू रहत।

——————————————————————

प्रदेश मे आइ सँ गहुँमक सरकारी खरीद शुरू भऽ गेल। सहकारिता मंत्री प्रेम कुमार आइ गया प्रखंडक चदौतीक चूरी पैक्स मे गहुँम किनबाक कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। ओ जनौलनि जे एहि वर्ष रवि मौसम मे किसान लोकनि सँ दू लाख मीट्रिक टन गहुँमक अधिप्राप्तिक लक्ष्य राखल गेल अछि। किसान सभ के गहुँमक न्यूनतम समर्थन मूल्य दू हजार चारि सय पच्चीस टाका प्रति क्विंटल देल जायत। ई राशि पछिला बरख सँ एक सय पचास टाका प्रति क्विंटल बेसी अछि। गहुँम खरीदक अड़तालीस घंटाक बीच किसान सभ के राशिक भोगतान कऽ देल जायत।

——————————————————————

लोक आस्था आओर सूर्य उपासनाक महापर्व चैती छठि आइ नहाय—खायक संग शुरू भऽ गेल। काल्हि खरनाक अनुष्ठान होयत। चारि दिवसीय छठि पावनि चारि अप्रैल कऽ उगैत सूर्य के अर्घ्यक बाद पारनक संग ई महापर्व संपन्न भऽ जायत। हमार संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे नहाय—खाय के लऽकऽ गंगा सहित प्रदेशक

सभ प्रमुख नदी घाट सभ पर भोर सँ श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखल गेल। हमर औरंगाबाद संवाददाता जनौलनि जे देव सूर्य मंदिर मे चैती छठि के लऽकऽ कतेको राज्य सभ सँ श्रद्धालु सभ आबि रहल छथि। संगहि, आइ सँ चारि दिवसीय छठि मेला सेहो शुरू भऽ गेल। एम्हर, आइ चैती नवरात्रक तेसर दिन देवी दुर्गाक चंद्रघंटा स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि।

——————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मोरबा प्रखंडक चकपहाड़ मोड़ मे आगि लागि गेला सँ सैकड़ो एकड़ मे लागल गहुँमक फसिल जरि गेल। दोसर दिस पश्चिम चंपारण जिलाक मझौलिया प्रखंडक सरिसवा वार्ड नंबर नओ मे बिजलीक शॉर्ट सर्किट सँ लागल आगि मे एक दर्जन सँ बेसी घर जरि गेल।

——————————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ भेटल जनतबक अनुसार पिछला चौबीस घंटाक बीच गोपालगंज राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल जतय अधिकतम तापमान अड़तीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रहल। राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान छत्तीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक बीच औसत तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि बढ़ि सकैत अछि।

——————————————————————

समाप्त